



## RÈGLEMAN ENTÈN MANB KOMITE

### Atik 1- Definisyon Manb Komite.

**1.1- Manb Komite Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)**, se **Gason** ak **Fanm** ki rejwenn premye inisyatè lide a. Se manb ki pataje, makònen epi aksepte filozofi pwomotè lide a ap fè pwomosyon pou li a.

**1.2-** Tout manb sa yo ki vini manb **Komite Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** genyen dwa pou **Administre** ak pran tout gwo desizyon depi se pou bon mach **Òganizasyon** an. Nan sans sa a, **Manb Komite** yo se fanmi, ak zanmi, ki rejwenn pwomotè lide a pou **Dirije** premye pi gwo **Estrikti Òganizasyon** an.

### Atik 2- Repezantasyon Komite.

**Komite Manb Fondatè** ki genyen pou sig (**KMF**), se yon **Estrikti** ki nan **Òganizasyon** an ki pote non: **Komite Manb Fondatè (KMF)**. Se **Komite** sa a ki la pou **Dirije** ak **Administre** tout kesyon ki konsène **Òganizasyon** an ki genyen pou reyini, diskite ak debat tout dosye ki pote sou objektif **Òganizasyon** an ap pousuiv lòske yo genyen konvokasyon ki soti nan mitan **Manb Fondatè** yo.

### Atik 3- Konpozisyon Manb Komite.

**Òganizasyon HOTSPOT ONE (OHO)** ap jere pa mwayen yon **Komite** ki genyen non **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)**. Epi ki ap administre ak yon **Komite** ki genyen **Senk (5) Manb** ladan li ki se:

- **Prezidan.**
- **Sekretè Jeneral.**
- **Responsab Trezò.**
- **Pòt Pawòl.**
- **Konseye Jeneral.**

### Atik 4- Kategori Manb Fondatè.

**Kategori Manb Fondatè (Board)** la ki nan **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** genyen **Dwa Veto**. **Manb Fondatè** sa yo ap genyen pou diskite ak pran desizyon nan reyinyon **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** ap genyen pou planifye. Sepandan, **Manb Fondatè** sa yo kapab kase tout desizyon ki pa kadre ak **objektif, Vizyon, Misyon Rezo Pwogram Anivèsè** an. Epi **Manb Fondatè** sa yo tou kapab mande ak **KOJESA** bon jan eksplikasyon sou fonksyonman **Rezo Pwogram Anivèsè** an.

## Atik 5- Atribisyon Manb Komite.

Manb **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** genyen pou atribisyon:

- Planifye selebrasyon anyèl pou **Kategori Manb Byenfetè Rezo** an.
- Elabore bidjè mansyèl ak anyèl **Rezo** an pa mwayen kotizasyon manb yo.
- Distribiye montan kotizasyon chak fwa ak chak manb lè anivèsè yo rive.
- Distribiye ak chak manb bidjè mansyèl ak anyèl anivèsè tout manb yo.
- Retire penalite lè genyen reta ak dedwi taks pou reyalize selebrasyon anyèl la ak pou ranfòsman enstitisyonèl.
- Prezante rapò resèt sou kolèk kotizasyon ak distribisyon montan kotizasyon, dediksyon taks ak sanksyon sou reta, depans pou selebrasyon anyèl manb yo.
- Planifye ak pwogramme gwo desizyon estratejik **Rezo** an.
- Veye sou bon fonksyonman **Rezo** an pa rapò ak **Estat** epi **Règleman Entèn** yo
- Resevwa dosye kandida ak evalyasyon yo pou entegre nan **Rezo** an.
- Resevwa kont randi, sigjesyon ak rekòmandasyon manb **Rezo** an.
- Nome manb nan **Komisyon** si sa nesèsè ak lòt manb nan **Rezo** an lè genyen pòs ki vid.
- Aplike disiplin ak sanksyon sou tout manb ki fotif nan **Rezo** an.
- Amande **Règleman Entèn Rezo** an sou demand moyorite manb yo.

## Atik 6- Fonksyon Manb Komite.

### **A- Prezidan.**

- Konvoke reyinyon pou planifye aktivite anyèl ak bidjè **Rezo** an.
- Anime reyinyon **KOJESA** ak delibere sou desizyon **Komite** a ap pran.
- Otorize depans sou lajan kotizasyon manb **Rezo** an.
- Otorize entegrasyon nouvo manb nan **Rezo** an.
- Siyen pwochè vèbal reyinyon ak tout dosye administrasyon **KOJESA**.

### **B- Sekretè Jeneral.**

- Asiste **Prezidan** an nan reyinyon li yo kòm manb ki ap distribiye la pawòl.
- Redije pwochè vèbal reyinyon **Òdinè** oubyen **Ekstrawodinè** yo.
- Resevwa dosye nouvo manb ak kominike yo bay **Prezidan** an.
- Fè mesaj rapèl ak tout fetan mwa yo epi sou dwa kotizasyon yo.
- Konsève tout achiv **KOJESA** a genyen.
- Siyen ak **Prezidan** an pwochè vèbal reyinyon **Òdinè** oubyen **Ekstrawodinè** yo ak tout dosye administratif **KOJESA**.

### **C- Responsab Trezò.**

- Prepare bidjè kotizasyon mansyèl ak anyèl manb **Rezo** an.
- Prepare bidjè selebrasyon anyèl manb **Rezo** an.
- Resevwa montan don kotizasyon manb **Rezo** an.
- Dedwi taks obligatwa ak penalite sou reta pèman kotizasyon manb **Rezo** an.
- Prezante rapò kotizasyon mansyèl manb yo ak rapò depans selebrasyon anyèl **Rezo** an.
- Siyen avèk **Prezidan** an Rapò depans mansyèl ak anyèl **Rezo** an.

### **D- Pòt Pawòl.**

- Reprèzante **Prezidan** an ak **Sekretè Jeneral** la pou pote mesaj nan bouch oubyen ekri.
- Asiste **Sekretè Jeneral** la nan divès fòm kominikasyon li yo.
- Pran la pawòl piblik nan non **KOJESA**.
- Dirije la pawòl tankou mèt seremoni lè genyen selebrasyon anyèl **Rezo** an.

## **E- Konseye Jeneral**

- Bay konsèy sou tout desizyon **KOJESA** ap pran nan non **Rezo** an.
- Veye sou bon jesyon **KOJESA** epi fè rekòmandasyon sou fay li wè ki genyen.
- Jwe wòl abit lè genyen bouch louvri nan mitan manb **KOJESA** yo ak rès manb **Rezo** an.

### **Atik 7- Pwosedi Eleksyon Ak Dire Komite.**

**7.1-** Chwa manb pou monte **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsé (KOJESA)** ap fèt pa mwayen vòt inanim swa **Wi** oubyen **Non** pou tout **Manb Fondatè** yo pou diferan pòs ki genyen nan **Komite** a. Sepandan kèk manb nan **Rezo** an kapab pote yo kandida volontè oubyen **Manb Fondatè** yo fè chwa kèk manb nan **Rezo** an pou yo kandida sou baz eksperyans ak konpetans yo genyen.

**7.2-** Nan ka yon deziyasyon pou yon pòs, depi tout **Manb Rezo** an dakò pap genyen vòt se sèlman aklamasyon ki ap genyen. Nan ka genyen **Manb Rezo** an ki dakò ak lòt **Manb Rezo** an ki pa dakò, se pa mwayen yon vòt nan mitan **Manb Rezo** an kandida a ap rive genyen pòs la, Se toujou vwa majorité a ki ap pase.

**7.3-** Dire manda manb **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsé (KOJESA)** se youn (1) Lanne renouvlab li ye. Manb **Komite** yo kapab chanje tou si manb **Rezo Pwogram Anivèsé HOTSPOT ONE (REPAHO)** pa satisfè travay yo fè oubyen si yo te genyen vye konpòtman ki pa te fè rès manb **Rezo** an plezi.

### **Atik 8- Dwa Prezidan An Nan Konvokasyon Ak Moderasyon Reyinyon.**

**8.1-** Kèlkeswa reyinyon ki ap fèt swa **Òdinè** oubyen **Ekstrawòdinè**, epi sou kèlkeswa fòm li ap fèt la tankou fizikman, apèl konferans ak apèl videyo, se **Prezidan** an ki ap genyen dwa pou li fè konvokasyon ak **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsé (KOJESA)** epi ak lòt **Estrikti Rezo Pwogram Anivèsé HOTSPOT ONE (REPAHO)**. Epi se **Prezidan** ankò ki ap genyen dwa pou li fè moderasyon reyinyon an.

**8.2-** Sepandan, nan ka **Prezidan** an ta genyen yon anpechman, se **Konseye Jeneral** la ki ap genyen dwa pou li jwe wòl **Prezidan** an genyen nan konvokasyon ak moderasyon reyinyon.

**8.3-** Konsa tou, kit se **Prezidan** an kit se **Konseye Jeneral** la ki te fè konvokasyon an, youn nan yo kapab mande nenpòt **Manb** pou jwe wòl moderatè nan reyinyon an pou pèmèt patisipasyon anplis chak manb nan jesyon tan rankont yo ak tan lapawòl.

### **Atik 9- Reyinyon Manb Komite Ak Desizyon.**

Tout manb **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsé (KOJESA)** yo dwe prezan nan tout reyinyon ki ap fèt swa **Òdinè** oubyen **Ekstrawòdinè**, epi kèlkeswa fòm li ap fèt la, tankou; fizikman, apèl konferans ak apèl videyo. Si toutfw a ta genyen yon **Manb Komite** ki pap ka prezan nan yon reyinyon, **Manb Komite** a dwe fè **Prezidan** an konnen sa davans oubyen **Sekretè Jeneral** la. Nan ka kontrè, **Manb Komite** ki prezan yo ap pran tout desizyon pou avansman **Rezo** an.

### **Atik 10- Respè Règleman Entèn Nan Desizyon Manb Komite.**

Kèlkeswa desizyon majorite manb **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsé (KOJESA)** ap pran, fòk desizyon sa a pa vyole youn nan atik ki nan **Règleman Entèn Rezo** an. Si desizyon an ta rive vyole **Prensip Fondamantal Règleman Entèn** yo, desizyon sa a, menm si se majorite **Manb Komite** yo ki pran li ebyen desizyon sa a pap valab.

### **Atik 11- Delè Pou Konvokasyon Manb Komite.**

Tout konvokasyon pou reyinyon **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** ap fèt **Vennkat (24) èd Tan** alavans. Sepandan, si ta genyen yon ijans nan **Rezo** an, nan ka sa a, **Prezidan** an ap genyen dwa pou li konvoke tout **Manb Komite** yo san li pa teni kont ni jou ak lè li ye a.

### **Atik 12- Desizyon Pou Yon Manb Komite Ki Abandone.**

Si nan yon reyinyon **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** ta genyen pou yo pran yon desizyon pou bon mach **Rezo** an, ta genyen yon **Manb Komite** a oubyen plizyè **Manb Komite** a ki ta decide kite reyinyon an pou kèlkeswa rezon an, san reyinyon an poko fini, lè sa a, lòt **Manb Komite** ki rete yo ap genyen dwa pou yo pran kèlkeswa desizyon an menm si yo pa majorite depi se pou bon mach **Rezo** an epi depi li kadre ak **Estatè Rezo** an.

### **Atik 13- Respè Pou Desizyon Majorite Manb Komite.**

Tout manb **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** dwe respekte desizyon majorite **Manb Komite** yo pran depi desizyon sa pa kontrè ak filozofi, misyon epi vizyon **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)** ap defann.

### **Atik 14- Kowòm Pou Manb Komite Pran Desizyon.**

Tout gwo desizyon manb **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** ap genyen pou yo pran pou bon mach **Rezo** an, **Manb Komite** yo dwe pran li nan yon reyinyon epi reyinyon sa a dwe genyen majorite **Manb Komite** ladann. Nan ka pa ta genyen majorite **Manb Komite** ki prezan nan reyinyon an, Lè sa a, lòt **Manb Komite** yo ki prezan pap kapab Pran okenn gwo desizyon.

### **Atik 15- Obligasyon Respè Youn Pou Lòt.**

Respè youn pou lòt se yon obligasyon nan mitan tout **Manb Komite** yo, menm jan sa ekri nan atik yo ki nan **Estatè Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)**.

### **Atik 16- Frekans Reyinyon ak Sanksyon.**

**Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** ap genyen pou li reyini **Youn (1) Fwa** chak fwa genyen yon manb ki ap fete anivèsè li. Konvokasyon sa ap fèt **Karantuit (48) èd Tan** davans pou tout **Manb Komite** yo sou platfòm vityèl yo pa yon mesaj oubyen yon nòt ki pote siyati **Sekretè Jeneral KOJESA Rezo** an sou jou ak lè reyinyon sa ap fèt dire reyinyon sa a pa dwe depase **De (2) èd Tan**. Men pou sa ki konsène selebrasyon anyèl la, reyinyon sa a kapab fèt nenpòt lè sou konvokasyon **Prezidan KOJESA**. Dire reyinyon sa yo ak objektif yo ap presize nan nòt konvokasyon an.

### **Atik 17- Sanksyon Pou Manb Komite ki Abandone.**

Kèlkeswa manb **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** ki nan **Rezo Pwogram Anivèsè HOTSPOT ONE (REPAHO)**, pa genyen dwa pase **Youn (1) Mwa** san **Manb Komite** a pa patisite nan reyinyon ak aktivite yo pou kèlkeswa rezon an, Sinon, **Manb Komite** a ap vini yon **Manb Inaktif**. Kidonk **Manb Komite** a dwe remèt tout sa ki nan men li si li genyen epi fasilite tout chanjman yo pou avansman **Rezo** an.

### **Atik 18- Radyasyon San Reklamasyon.**

Kèlkeswa **Manb Komite** a ki ta soti nan **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)**, pou kèlkeswa rezon an **Manb Komite** a pap kapab fè okenn reklamasyon. Epi pa bliye, tout sa yon **Manb Komite** bay nan **Rezo** an sou kèlkeswa fòm li ye a se **Don** li ye, kidonk okenn **Manb Komite** pa genyen dwa: **Vann Li, Fè Kado Li, Prete Li, Twoke Li, Pran Li, Kraze Li, Boule Li, Ni Mete Li Nan Plàn/Brikabrak Elatriye.**

### **Atik 19- Pwosedi Pou Yon Manb Komite Demisyone.**

Si yon **Manb Komite**, ta deside demisyone nan **Komite** a, pou pwòp rezon pa li epi san okenn lòt **Manb Komite** a pa ni fòse li ni mande li demisyone, **Manb Komite** a genyen yon fason pou li fè sa.

- Tou dabò, **Manb Komite** a dwe konsilte **Referans** li a ki te pèmèt entegrasyon li nan **Rezo** an pou diskite avèk li sou sa.
- Aprè sa, **Manb Komite** a ap genyen pou li konsilte tout lòt **Manb KOJESA Rezo** an, pou diskite sou motif ak kontrent li genyen ki fè li oblije demisyone.
- Se aprè li fini konsilte ak diskite ak tout **Manb** yo, ebyen lè sa **Manb Komite** ki vle demisyone a ap genyen posiblite pou ekri lèt demasyon li a ki ap adrese ak **KOJESA**.
- Pwosedi sa valab pou tout **Manb Komite** ki nan **Rezo** an ki ap demisyone.
- Pou **Manb Komite** ki te nan **KOJESA**, fòk li remèt tout dosye, **Materyèl** ak **Ekipman Rezo** an ki te nan men li yo epi bay yon ti tan pou pèmèt lòt **Manb** ki ap ranplase manb la genyen konesans sou dosye li te trete yo epi genyen achiv sa yo pou travay la kapab kontinye

### **Atik 20- Byen Materyèl Ak Imateryèl.**

Tout byen **Materyèl** ak **Imateryèl** dwe disponib pou tout manb **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** nan kad travay yo. Sepandan, tout byen **Materyèl** ak **Imateryèl Rezo** an pa dwe itilize pou afè pèsònèl kèlkeswa **Manb Komite** li ye a.

### **Atik 21- Konfidansyalite Nan Pataj Enfòmasyon.**

Si ta genyen yon **Manb Komite** a pou yon rezon oubyen pou yon lòt ki ta deside pataje enfòmasyon pèsònèl **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA) Rezo** an ak yon lòt manb oubyen plizyè lòt manb ki pa genyen otorizasyon pou sa, epi ki pa fè pati nonplis **Rezo** an. Kidonk tout lòt **Manb Komite** yo ap pran sanksyon kont manb sa.

### **Atik 22- Amandman Règleman Entèn.**

**Règleman Entèn Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)**, kapab modifye chak **Youn (1) Lanne** si sa nesèsè, men fòk majorite **Manb Komite** yo aksepte pou sa posib. Sepandan, li ap kapab modifye tou nenpòt moman nan peryòd sa, men fòk tout **Manb Komite** yo aksepte pou sa posib.

### **Atik 23- Respè Règleman Entèn.**

Tout manb **Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)**, genyen pou obligasyon pou yo aplike, respekte epi fè aplike, respekte **Règleman Entèn Manb Komite** a.

**Atik 24- Delè Siyati Règleman Entèn ak Sanksyon.**

Aprè siyati Règleman Entèn Manb Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA), tout Manb Komite yo dwe respekte epi fè respekte akò yo fini siyen an, Sinon, Manb Komite a ap genyen yon delè Twa (3) Jou fran pou li deside. Si delè sa a pase, Manb Komite a pap kapab fè pati KOJESA Rezo an ankò.

Mwen menm \_\_\_\_\_ Mwen li, Mwen komprann, Mwen aksepte epi Mwen siyen paske mwen dakò ak tout Atik san manke yon yota ki nan Règleman Entèn Manb Komite Jesyon Selebrasyon Anivèsè (KOJESA) pou mete yo an aplikasyon epi koube Mwen anba sanksyon yo chak fwa Mwen vyole youn ladan yo.

Fèt Nan Dat 12 Desanm 2022

Dat \_\_\_\_\_ / \_\_\_\_\_ / \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_  
Siyati Manb Komite REPAHO